

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

Refleksyon sou literati ak kreyasyon zouti kreyòl
Otè : Henri-Robert Durandisse ak Michel-Ange Hypolite
(Katenn Koukouwouj)
Powèt / Kritik literè

Enpòtans Lang Kreyòl

Tankou nou tout konnen li, sou plan sosyolojik pa gen yon lang ki plis pase yon lòt, paske fonksyon tout lang se fasilité komunikasyon nan mitan moun ki pale li yo. Men èske nou janm pran yon moman pou nou reflechi sou valè sakre lang manman nou an? Konsa, lang kreyòl la kanpe dyanm nan mitan tout lang ki ekziste sou latè. Nan sans sa a, li se prensipal pòtvwa pèp ayisyen an toupatou, kote noumenm Ayisyen tabli baz nou pou nou viv epi pou nou chèche lavi. Se avèk lang sa a nou ekziste; li se silans nou, vwa nou, epi souf nou.

Lang kreyòl kòm gadò tradisyon

Lang kreyòl la se gadò tradisyon nou yo epi se limenm tou ki prensipal mwayen pou nou transmèt tradisyon nou yo, sajès gramoun nou yo, apati sa nou ap rakonte pitit nou epi sa yo te rankonte nou nan tout nivo, aloral tankou sou papye. Èske nou kapab imajine istwa Ayiti san kreyòl la? Ki jan nou ka sonje yon kont san ritm son yo, yon pwezi san pasyon mo yo? Konsa, blag, istwa-kout, kont nou yo, pwezi, nouvèl literè, lodyans, woman nan lang kreyòl, yo pa senpman ekziste tankou mo sou papye oswa pawòl pou plezire pandan nou ap tande. Yo se yon pati nan nanm nou, yo rakonte sa nou te ye, ak rèv nou pou sa nou vle vin ye.

Pou nou fini, nou ap di, lang kreyòl la se poto mitan nanm nou, limyè konsyans nou, epi fòs ki ka rasable noumenm Ayisyen, kèlkeswa kote nou ye nan lemn. Nou dwe kontinye valorize lang sa a kòm yon eritaj presye, pandan nou ap travay san pran souf pou nou devlope resous ki a pote pwogrè ak esperans pou tout jenerasyon ki ap vini yo. Se nan kreyòl nou rekonèt tèt nou, se nan kreyòl nou chèche lanmou, epi se an kreyòl nou kapab konstui lavni nou.

Lang kreyòl: nan developman kiltirèl, ekonomik ak syantifik

Otè : Henri-Robert Durandisse
Powèt / Ekriven

Lang kreyòl, kòm senbòl prensipal idantite nasyonal pèp Ayisyen an, pote nan li fòs kilti, istwa, ak lavi chak jou. Nan lang sa a nou chante, nou ri, nou kriye, nou priye, epi nou rakonte istwa nou yo. Malgre enpòtans li, lang kreyòl la toujou rete yon lang ki pa jwenn tout estim li merite. Souvan, nou konsidere kòm yon senp zouti ki rezèv pou moun ki defavorize olye yon zouti puisan pou developman Ayisyen epi Ayiti. Pou Ayiti rive reyisi nan tout nivo, lang kreyòl la dwe jwenn plas li nan tout aspè tankou kiltirèl, ekonomik, sosyal syantifik peyi a. Kreyòl se poto mitan pou nou batì yon sosyete ki fò, ini, epi pwodiktif, epi li se pilye ki kapab asire avansman sosyete a.

Developman kiltirèl

Yon pèp ki respekte lang li gen kapasite pou li konsti yon kilti dyanm. Malerezman, anpil aspè nan kilti kreyòl la rete neglige, epi travay pou devlope yo toujou limite. Jou Ayisyen ta bay kreyòl la prestij li nan espas kiltirèl, li ap vin yon zouti pou yon revolusyon entelektyèl epi atistik.

Literati Kreyòl : Literati ayisyen an kreyòl ta dwe gen plis sipò pou li ka vin yon fòs ki chanje sosyete a. Gen yon gwo nesesite pou nou ekri plis liv nan lang kreyòl, tankou powèm, woman, nouvèl ak esè. Pi plis materyèl edikatif tou ta dwe disponib nan kreyòl la pou elají opòtinité aprantisaj akademik. Yon liv an kreyòl pa sèlman sèvi kòm yon zouti pou fòmasyon. Li kapab tou eleman kle pou elve konsyans sosyal ak entelektyèl populasyon an.

Atizay ak Mizik : Mizik ak atizay ayisyen yo toujou itilize kreyòl kòm prensipal mwayen ekspresyon yo. Nou jwenn istwa, emosyon, ak revandikasyon pèp la nan mizik rasin, konpa, ak rap kreyòl. Men, nou kwè anpil atis ak pwodiktè mizik ta sipoze bay kreyòl la plis plas nan nivo entènasyonal. Si nou vle kreyòl jwenn plis rekonesans, nou dwe envesti pwodiksyon mizik epi atizay toupatou kote nou pase. Nou tout espas, kote noua ap viv.

Medya : Medya an kreyòl, tankou radyo, televizyon, ak rezo sosyal yo, ka sèvi kòm zouti puisan pou fè pwomosyon lang lan. Pwogram edikatif, emisyon kiltirèl, ak nouvèl ki gen bon kalite an kreyòl kapab ranfòse fyète Ayisyen pandan yo rann enfòmasyon plis aksesib pou plis moun. Medya an kreyòl gen kapasite pou yo chanje imaj peyi a, andedan tankou deyò. Men, fò yo respekte yon etik medyatik. Etik medyatik se yon ansanm prensip ak direktiv moral ki gide pratik pwofesyonèl nan domèn medya, tankou jounal, radyo, televizyon, entènèt, ak lòt mwayen komunikasyon public. Li la pou yo sèten enfòmasyon yo difize yo suiv règ entegrite, respè, ak responsabilite sosyal, pandan yo pwoteje dwa moun ak enterè public la.

Developman ekonomik

Kreyòl la ka sèvi kòm yon zouti ekonomik ki puisan si li rantre nan sistèm ekonomik global peyi a. Sa vle di, li pa sèlman rete nan lari a avèk komès an detay. Anpil Ayisyen ki pale sèlman kreyòl, toujou jwenn difikilite pou yo gen aksè a sèvis public ak prive, tankou bank, edikasyon finansye, ak antrepriz. Si kreyòl jwenn plas li nan domèn ekonomik la, li ka kraze baryè ki anpeche anpil moun patisiye nan ekonomi nasyonal la.

Kreyòl nan biznis : Lè yo itilize kreyòl nan komunikasyon biznis, li vin ranfòse konfyans kliyan yo epi li pèmèt konprann mesaj yo pi klèman. Plis kreyòl la preznan maketing ak sèvis kliyan yo, plis li va rive touche yon pubblik ki toujou santi moun ki nsn biznis neglige yo. Dokiman kontra ak materyèl fòmasyon an kreyòl ta fè gwo diferans nan ede travayè ak kliyan konprann dwa yo ak responsabilite yo.

Sèvis pubblik : Tradui tout dokiman ofisyèl, lwa, ak politik gouvènman yo an kreyòl se yon etap enpòtan pou fè sèvis pubblik yo plis aksesib. Lè sitwayen yo ka li epi konprann enfòmasyon nan lang yo pale, yo pi fasil kreye yon lyen solid ant otorite yo ak popilasyon an. Pi plis toujou, si genyen sitwayen ki pa ko conn li, lòt moun kapab toujou li kalite enfòmasyon yo pou yo.

Touris : Ayiti gen yon eritaj kiltirèl ki rich, epi lang kreyòl la se yon pati entegal nan idantite sa a. Si Leta epi sektè prive a entegre kreyòl nan eksperyans touris la, tankou liv ki kapab sèvi kòm gid touris, lis manje tipik ayisyen ki nan restoran, atelye kiltirèl, elatriye, yo ka atire vizitè etranje pandan yo ap ranfòse ekonomi lokal yo.

Developman syantifik

Peyi ki reyisi nan developman syantifik yo toujou itilize lang natif natal yo pou fè rechèch, inovasyon, ak edikasyon. Apre sa, yo sèvi avèk lòt lang ki pa nesesèman lang natif natal pou yo voye travay yo fin fè a toupatou sou planèt la. Pou Ayiti ka jwenn plas li nan syans modèn mondyal la, kreyòl dwe gen yon plas solid nan travay syantifik ak teknolojik yo.

Tradiksyon tèks Syantifik : Liv syantifik yo bezwen tradui / adaptasyon an kreyòl. Sa ap rann konesans plis aksesib pou élèv ak pwofesyonèl. Materyèl ki tradui an kreyòl ede moun konprann sijè konplèks epi aplike yo nan lavi chak jou. Nan sans sa a, nou di Educa Vision mèsi pou seri Ansiklopedi li pwodui sou lisyans lan. Nou di Michel-Ange Hypolite (Kaptenn), mèsi pou Atlas leksik Zo Mounnan an 4 lang anndan Koleksyon Koukouy. Nou di tout gwoup oswa lòt enstitusyon ki ap travay nan menm sans lan mèsi. Enfome nou sou travay nou ap fè.

Rechèch Lokal : Fòk gen ankourajman finansye pou fè rechèch sou pwoblèm espesifik Ayiti ap fè fas. Kek egzanp se rechèch sou agrikilti dirab, enèji renouvlab, ak developman sante pubblik. Tout ta dwe fèt nan kreyòl pou kominote lokal yo kapab pran konsyans epi kontribye nan solisyon yo.

Teknoloji ak Lojisyèl : Gen yon gwo nesesite pou nou devlope aplikasyon mobil ak lojisyèl edikatif ki sèvi ak kreyòl. Teknoloji an kreyòl ka ede nan domèn tankou edikasyon, agrikilti, ak sèvis finansye. Li ka ede tou diminye fos santralizasyon konesans ki konsantre nan lòt lang.

Kreyòl : motè developman sosyete a

Lang kreyòl la se poto mitan pilye developman dirab nan peyi Ayiti. Lè kreyòl jwenn plas li nan tout aspè kiltirèl, ekonomik, ak syantifik, benefis yo pral san limit.

Amelyorasyon fòmasyon sitwayen yo: Yon edikasyon ki fèt nan kreyòl pèmèt élèv yo angaje pi byen nan aprantisaj la. Lè yo resevwa konesans yo nan lang natif natal yo, yo vin pi konpetan epi yo ka itilize sa yo aprann pou yo rezoud pwoblèm reyèl sosyete a.

Konfyans kolektif: Lè Ayisyen wè kreyòl kòm yon zouti valab pou kreye chanjman, li ogmante fyète nasyonal la epi possiblite pou yo reyisi. Sa kreye yon sensibilizasyon ki ankourage inite ak koperasyon nan sosyete a.

Louvri fontyè entènasyonal yo: Peyi ki itilize lang natif natal yo nan developman yo atire plis atansyon nan monn lan. Ayiti ta ka vin yon modèl pou lòt peyi ki ap chache devlope pandan yo pwoteje idantite kiltirèl yo.

Yon Pwomès Pou Demen

Kreyòl la gen kapasite pou li pote gwo chanjman si li jwenn sipò ak angajman kolektif. Lang sa a kapab transfòme Ayiti fè li vini yon peyi ki pi rich, ki gen plis inite, epi ki gen plis opòtinité pou tout sitwayen. Developman lang kreyòl la pral nesesite envestisman nan edikasyon, teknoloji, ak kreyasyon atistik. Nan chak etap travay la, kreyòl ap kontinye sèvi kòm yon sous pou ranfòse fòs, diyite, ak ensiprasyon.

Lè nou mete kreyòl nan kè tout aspè lavi nou, nou ranfòse idantite nou, epi nou louvri pòt pou yon avni ki chaje ak possiblite. Kreyòl la se pa sèlman yon lang; li se yon zouti pou libète, pwogrè, ak lavni Ayiti. Yon Ayiti ki envesti nan lang li, se yon Ayiti ki envesti nan fòs li. Pawòl ki ekri atik sa a, demonstre nou tout enpòtans pou kreyòl la chita nan mitan devlopman tout domèn lavi ayisyen, paske kondi Michel-Ange Hypolite - Kaptenn Koukouwouj- kreyòl pa gen limit. Sèl limit li, se limit moun ki pale li yo.

Nounous ak Sovè: refleksyon sou kreyòl ak lisyans

Otè : Henri-Robert Durandisse

Powèt / Ekriven

Se te yon jou swa, kote lalin lan te ap gade tè a ak yon limyè fre, tankou se te gran jou. Nounous te chita anba yon gwo pyemango. Li te kenbe yon liv nan men li. Sovè, ki te conn gen abitid pase chak swa nan zòn lan, te pran san li, jou sa a, pou li te gade zanmi li ki sanble te pèdi nan yon refleksyon pwofon.

— Nounous, kisa ou ap panse konsa? M gen enpresyon lespri w nan yon lòt monn.

Nounous gade l, li fè yon ti souri, epi li reponn:

— Sovè, ou wè lang kreyòl nou an? Mwen toujou ap panse sou plas li dwe genyen nan developman Ayiti. Daprè ou, èske li posib pou kreyòl vin motè developman syantifik peyi nou an?

Sovè, ki se yon nèg ki toujou kalm, tepwoche tou pre Nounous chita toupre li, epi li di:

— Nounous, mwen renmen refleksyon w lan, men ou konn jan anpil moun wè kreyòl la. Yo di, li pa gen valè nan domèn lisyans. Yo panse kreyòl la pa gen kapasite pou li pale sou fizik, sosyoloji, chimie, elatriye. Pi plis toujou, yo di pawòl grav sa yo ak yon sètitid tankou se verite absoli.

Nounous leve je l, li gade Sovè :

— Men, se la menm pwoblèm lan chita, Sovè. Anpil moun blyi lisyans dwe sèvi tout pèp. Si yon lang, tankou kreyòl, pa ka antre nan domèn lisyans, èske se paske lisyans lan ap fè diskriminasyon, kote li derefize itil tout pèp san distenskyon?

Sovè pèdi nan panse li pandan yon moman, epi li di:

— Non lisyans pa nan diskriminasyon. Poudayè, lisyans pa mèt tèt li. Se moun ki travay pou yo devlope lisyans. Kidonk, Nounous, si nou vle kreyòl rantre nan domèn lisyans toutbon, n ap bezwen fè yon revolusyon kiltirèl. Revolusyon nan lespri moun, revolusyon nan lekòl, e menm nan fason n ap fè rechèch.

Nounous louvri zye li gran, tankou li soti nan yon rève:

— Se egzakteman sa! Revolusyon an dwe kòmanse nan kreye enstitusyon serye ki pou bay kreyòl la zouti li bezwen nan tout domèn. Fè rekonèt kreyòl la gen tout kapasite pou li sèvi kòm zouti rechèch ak inovasyon. Sa vle di, si liv syantifik yo te ekri an kreyòl, si élèv aprann syans nan lang yo, gen anpil chans pou yo konprann pi byen, konbyen moun ki t ap grandi avèk plis konfyans nan tèt yo? Genyen yon dal pwoblèm ki t ap jwenn solisyon nan men moun ki viv royalite sila yo chak jou?

Sovè fè yon ti soupi, li di:

— Sa sonnen bèl, Nounous. Men, èske gouvènman yo oswa moun ki gen pouvwa yo ap pran chans fè sa? Yo renmen suiv modèl etranje yo twòp.

Nounous fè yon ti ri, m anba anba. Li kenbe yon ton grave pi li ajoute:

— Sovè, chanjman pa janm soti nan tèt sèlman. Li kòmanse nan baz la, nan pèp la, wi. Noumenm ki pale kreyòl, nou gen devwa pou nou reklame plas li nan edikasyon, nan rechèch, nan developman ekonomik, nan matematik, nan chimie, elatriye. Nou dwe kòmanse ansanm pran mwayen ki pèmèt sitiayson lang lan chanje. Se pa yon kesyon monte entènèt epi plimen plim an fanse sou kreyòl. Non!! Sa dwe sispann. Se pou nou kòmanse mete kran pou nou pale sou kreyòl an kreyòl. Se premye dewwa nou. Nou dwe sispann aji an ipokrit osnan nan fè sanblan. Se dwe fini. Nou dwe bat chalbari dèyè moun ki pran plezi sèvi ak franse sou pretèks se lang kreyòl la yo ap sèvi. Se pwòp tèt pa yo yo ap sèvi. Pi plis toujou, se tèt yo, yo ap bay manti epi sa tris. Sa tris anpil!!

Sovè lonje dwèt li nan syèl la kote zetwal yo t ap klere:

— Ou pa bezwen fache, frè mwen. Ou wè zetwal sa yo, Nounous? Yo toujou la, men pafwa nwaj fè yo parèt lwen. Kreyòl tankou zetwal. Li gen tout fòs li, men gen prejije ki fè moun blyi li ka klere tout chemen lavi nou.

Pawòl sa yo chanje imè Nounous. Li souri, epi li di:

— Sa w di la a bèl anpil wi, Sovè. Men, se pa sèlman limyè n ap chèche; nou vle chalè tou. Nou vle kreyòl limen flanm developman Ayiti. Nou p ap negosye sa, pyès! Li lè, li tan. Pou nou tout, nou gade tèt nou nan glas. Si nou sèvi ak lang nou an nan lisyans, nou pa pe sèlman bati konesans, nou ap fè tout pèp la konprann jan yo ap viv nan monn ki ap chanje rapid rapid.

Sovè reponn avèk yon vwa ki chaje ak bonte:

— Nounous, mwen wè vizyon w. Men, fòk nou pa sèlman pale. An nou aji depi kounye a. Kisa ou panse, si nou travay pou nou mete sou pye yon Enstiti Kreyòl. Enstiti a ka pèmèt nou fè anpil rechèch syantifik an kreyòl, epi fòme jenerasyon ki kwè lang sa a pa gen limit.

Nounous, ki te dejà gen yon plan nan lespri 1, reponn:

— Sovè, si nou angaje nou, li posib. Sa kòmanse avèk nou. Chak mo, chak aksyon, chak refleksyon nou fè an kreyòl ap chanje sitiayson lang nou an.

Jou sa a, anba limyè lalin nan, Nounous ak Sovè fè yon pwomèt tèt yo, yo pral sèvi ak tout fòs yo pou yo fè kreyòl antre nan domèn syantifik tout bon vre. Pou yo, kreyòl pa yon senp lang; li se yon poto developman, yon zouti libète, ak yon flanm ki ka limen avni Ayiti. Nan moman sa a, yo te wè yon Ayiti ki gen lespri lib, fyè, epi ki pare pou li klere tankou zetwal ki t ap gide refleksyon yo jou swa bèl lalin sila a.